

Lwa Federal ak Lwa Eta Ohio yo pwoteje Elèv Ohio yo kèlkeswa estati imigran yo.



**Tout timoun ki gen laj pou ale lekòl nan Ohio yo gen dwa konstitisyonèl pou yo ale nan lekòl piblik gratis yo, kèlkeswa estati imigran yo.<sup>1</sup> Dwa sa a pa chanje malgrè nouvo Òdonans Egzekitif Prezidan an.**

Lalwa Ohio egzije pou tout distri lekòl yo mete an aplikasyon règleman ki entèdi brimad, asèlman oswa entimidasyon. Nenpòt menas oswa deklarasyon ki di timoun imigran yo ak fanmi yo pa byenvini ka vyole règleman sa yo.

Anplis de sa, Tit VI nan Civil Rights Act 1964 la ranfòse pwoteksyon sa yo pou tout pwogram ki resevwa finansman federal, tankou lekòl, gadri, ak lòt sant nan kominote a.

## 5 Etap Lekòl yo Dwe Swiv pou yo Prepare yo pou Rankont avèk ICE:

### 1. Elabore yon Plan

- Elabore yon plan pa ekri oswa mete yon pwotokòl anplas epi fòme TOUT anplwaye yo sou fason pou yo aplike li.
- Plan an dwe gen ladan l youn oswa de anplwaye k ap genyen kòm responsabilite pou resevwa ajan ICE yo lè yo rive nan yon lekòl oswa nan yon batiman, ak yon pwotokòl pou rele yon paran oswa yon reponsab avan yo kòmanse poze kèlkeswa elèv la kesyon.

### 2. Limite Aksè

- Fèmen lekòl yo ak batiman yo pou piblik la epi se sèlman moun ki gen yon pyès ofisyèl ki ka rantre. Mennen ofisyè ICE la nan yon espas ki prive oswa nan yon biwo ki lwen timoun yo.
- Etabli klèman espas ki pa piblik yo kote se sèlman elèv ak anplwaye yo ki ka rantre.

### 3. Mande yon Manda

- ICE bezwen pèmasyon lekòl la pou li antre nan espas ki pa piblik yo, epi lekòl yo gen dwa refize ba yo aksè sof si yo montre yon manda jidisyèl ke yon jij nan yon tribinal siyen. (Yon dokiman ke se yon sipèvizè, yon jij imigrasyon, oswa yon lòt otorite nan gouvènman an siyen PA ase.)
- Fè yon avoka verifye manda a anvan ou kite ICE antre nan batiman ou an. Fè yo tann deyò oswa nan espas ki rezève pou sa a jiskaske manda a fin verifye.

### 4. Pwoteje Dosye Elèv yo

- FERPA egzije pou lekòl yo kenbe dosye elèv yo konfidansyèl, sof si yon paran oswa yon reponsab bay pèmasyon. ICE dwe gen yon manda pou li kapab gen aksè ak dosye elèv yo san pèmasyon.
- Okenn anplwaye lekòl, menm ajan sekirite yo (SRO), pa dwe pataje dosye avèk ICE san ke yon avoka pa verifye demann lan anvan.
- Limite enfòmasyon n ap mande yo nan fòmilè lekòl yo, tankou kote li fèt, estati imigran, oswa nimewo sekirite sosyal.<sup>2</sup>

### 5. Fè Lekòl yo Tounen yon Espas kote Tout Elèv yo Byenveni

- Asire ke enfòmasyon sou Konnen Dwa Ou yo fasil pou jwenn, epi mete yo nan espas piblik.
- fiche mesaj pozitif ak akeyan sou divèsite ak enklizyon. (Sa a legal!)

**Kontakte Advocates for Basic Legal Equality, Inc. (ABLE) pou w jwenn plis sipò oswa asistans legal.**



800-837-0814



[immigration.ablelaw.org/know-your-rights](https://immigration.ablelaw.org/know-your-rights)

Pou plis detay, tanpri konsilte nòt ACLU Ohio sou Dwa Legal Elèv Imigran yo nan Lekòl Ohio yo tou: [acluohio.org/sites/default/files/lettertoschoolofficials\\_immigrantsrights.pdf](https://acluohio.org/sites/default/files/lettertoschoolofficials_immigrantsrights.pdf)

1. Plyler v. Doe, 457 U.S. 202 (1982).

2. Lalwa Etazini egzije pou lekòl yo aksepte lòt dokiman kòm prèv rezidans si fanmi yo pa gen ak nesans oswa lòt dokiman rezidans.



**Konnen Dwa Ou**